

Kisa rechèch sosyal ak konpòtmantal ye ?

Rechèch sosyal ak konpòtmantal eksploré kijan ak poukisa moun yo konpòte yo yon jan nan sèten sitiyasyon ak kijan sa ka gen yon enpak sou sante moun. Chèchè yo egzamine moun yo endividyeelman oswa yo egzamine gwo gwoup moun tankou fanmi, kominote, ak sosyete pou yo chache fason pou yo rezoud pwoblèm sosyal yo ak amelyore lasante.

Chèchè yo ka chache repons pou kesiyon tankou :

- Poukisa gen kèk moun ki pa pran medikaman doktè yo preskri yo
- Kijan kominote yo reponn a vyolans gang
- Kisa ki ede timoun yo chwazi manje ki bon pou lasante
- Poukisa kèk adolesan lanse yo nan konpòtman ki gen risk
- Kisa ki ede moun aje viv poukont yo
- Poukisa moun viv pi lontan nan kèk peyi pase nan kèk lòt peyi

Kilès ki patisipe nan rechèch sosyal ak konpòtmantal ?

- Granmoun ak timoun
- Fanmi
- Kominote
- Gwoup rejononal, reliye, kiltirèl, oswa sosyal
- Moun ki gen yon maladi oswa yon kondisyon y ap fè etid sou li

Kesyon pou w poze :

1. Ki objektif etid la ?
2. Sa k ap rive si m patisipe ?
3. Ki kalite kesiyon w pral poze m ?
4. Konbyen tan etid la ap dire ?
5. Ki risk mwen genyen ?
6. Èske m ap jwenn avantaj si m patisipe nan rechèch sa a ?
7. Èske m ap gen pou m fè okenn depans ?
8. Kisa w pral fè avèk enfòmasyon m yo pou etid la ?
9. Kijan y ap pwoteje vi prive m ?
10. Sa k ap rive si m deside kite etid la anvan l fini ?



THE HARVARD CLINICAL
AND TRANSLATIONAL
SCIENCE CENTER



University of
Massachusetts
Medical School



Tufts
CTSI
Tufts Clinical and
Translational
Science Institute

Bwochi sa a gen enfòmasyon jeneral pou yo sèvi nan domèn edikasyon epi yo pa fè l pou bay konsèy medikal. Pale ak doktè w oswa ekip rechèch ou a anvan w pran desizyon konsènan nenpòt enfòmasyon ki ladan l si w bezwen konsèy ki espesifik pou sitiyasyon w nan.

Ou gen plis kesiyon ?

Rele :



**Rechèch sosyal
ak konpòtmantal**



**Se ou k ap chwazi si w vle patisipe nan rechèch la.
Mande enfòmasyon. Poze kesyon. Jwenn repons.**

Kisa sa vle di lè yon moun patisipe nan rechèch sosyal ak konpòtmantal ?

Patisipe nan yon etid rechèch sosyal ak konpòtmantal vle di souvan reponn kesyon nan yon sondaj w ap ranpli (kesyonè) oswa chèchè a ka poze w kesyon nan telefòn. Nan kèk etid, chèchè yo ap bezwen fè entèvyou avè w, epi y ap poze w kesyon pou w ka di chèchè a kijan w santi w konsènan yon sijè patikilye. Nan kèk lòt etid, chèchè yo kapab obsève w pandan w ap fè yon sèten aktivite. Gen kèk etid ki ka gen ladan yo revizyon dosye medikal ou yo.

Gen kèk etid ki pap ba w okenn avantaj endividyièl, men patisipasyon w ka ede lòt moun alavni. Chèchè yo ka anmezi pou yo amelyore sante yon kominate oswa ede yon gwoup avèk yon maladi oswa yon kondisyon patikilye.

Anvan w deside patisipe nan yon etid, ou dwe konprann objektif etid la. Ou dwe aprann sa w ap gen pou w fè pou etid la ak konbyen tan l ap pran, ak si y ap peye w pou patisipasyon w.

Patisipasyon nan rechèch se yon chwa

Gen pwoteksyon ki la pou ede asire sekirite volontè rechèch yo (yo rele moun sa yo "sijè rechèch" tou) epi pou asire yo yo trete volontè yo ak respè. Ekip rechèch la ap revize yon Fòm konsantman enfòme avè w. Y ap eksplike w objektif etid la ak risk ak

avantaj ki ka gen ladan l. Mande èd si gen yon bagay ou pa konprann. Ou pa dwe janm santi y ap fè w mache prese oswa mete w sou presyon. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – Se ou k ap chwazi si w vle patisipe.

Ki risk ki genyen lè yon moun patisipe nan rechèch sosyal ak konpòtmantal ?

Yon risk ki kouran lè moun patisipe nan rechèch sosyal ak konpòtmantal : yo ka pataje ak lòt moun pa aksidan enfòmasyon prive w te pataje ak chèchè yo. Chèchè yo ap eksplike fason y ap pwoteje kont sa. An jeneral, menm si chèchè a ekri yon atik sou etid la, non w pap parèt.

Ou ka santi w pa konfòtab tou pou w reponn kèk kesyon chèchè yo ap poze w. Ou ka deside pa reponn okenn kesyon ki rann ou pa alèz epi w ka sispann entèvyou a nenpòt lè.

Y ap dekri risk espesifik yo an detay nan Fòm konsantman enfòme a. Asire w ou konprann risk yo anvan w asepte pou w patisipe nan etid la.

